ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ХАБЗЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ПЛАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№26 (24.152) ● 2021 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 11, махуэку ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● Къэрал къулыкъущІапІэхэм

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек «муниципальнэ сыхьэт» ирегъэкІуэкІ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек зи чэзу «муниципальнэ сыхьэт» зэІуІэр иригъэкІуэкІащ. Абы муниципалитетхэм я администрацэхэм я Іэтащхьэхэм республикэм и Унафэщ Іыр щыгъуазэ щащІащ къэрал, республикэ проектхэр гъэзэщІэным хуэгъэзауэ зэфІагъэкІхэм.

ЗЭІУЩІЭМ хэтащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ Мусуков Алий зэрыжиІамкІэ, мы зэманым ирихьэлІэу зэгурыІуэныгъэ 64-рэ зэращІылакІэщ, лъэпкъ проектхэм ящІ ктко псори зэхэту контракт 171-м Іэ традзэн хуейщ. Муниципалитетхэм Іэрагъэхащ бюджет зэхуакъ трансферту сом мелуан 822,8-рэ. Аэрэ трагъэщащ мы щІыналъэ проектхэм: «Дэтхэнэ сабийми и ехъулІэныгъэ» проектым хыхьэу зэфІагъэхІыну лэжьыгъэхэм трагъэкІуэдэну – сом мелуан 29,8-рэ, «Гъэзэгъэр» - сом мелуани 101-рэ, «Щэнхабзэ» - сом мелуан 203,8-рэ, «Творчествэм диныжь цІыхухэр» - сом мин 800, «Псы къабзэ» - сом мелуани 127-рэ, «Къалэм ущыпсэуну тынш щІынІр» - сом мелуан 232,2-рэ, «Ущыпсэуну къемызэгъэнж унэхэр зэхъ мащІэ щІын» - сом мелуан 30. Мы зэманым еІэщІэкІыу яужь итщ абыхэм ехьэлІа зыхуэфащэ дэфтэрхэр гъэхьэзырным, язныкъуэу ухуэныгъэхэм щІадзакІэщ.

КІуэкІуэ Казбек гулъытэ хэха хуищІащ щэнхабзэ ІэнатІэм ехьэлІа лъэпкъ проектхэр гъэзэщІэным зэреужьэкІыпхъэм: фокІадэм и 1-м ирихьэлІэу лэжьыгъэхэр зэфІэкІауэ щытын хуейщ. Республикэм и Унафэщ Іыр муниципалитетхэм я Іэтащхьэхэм щхьэхуэу епсэлъащ проект щхьэхуэхэм ятеухуауэ.

Сэ, Налшык къалэм и Унафэщ и Іыр, абы и къэдзэ **Хьубий Марат**, КъБР-м ухуэныгъэмрэ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ и министр **Бэрбэч Алим**, транспортымрэ гъэзэгу хозяйствэмкІэ министр **Дыщэкі Аслъэн**, республикэм и муниципальнэ зэгухьэныгъэхэм я администрацэхэм я Іэтащхьэхэр.

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ Мусуков Алий зэрыжиІамкІэ, мы зэманым ирихьэлІэу зэгурыІуэныгъэ 64-рэ зэращІылакІэщ, лъэпкъ проектхэм ящІ ктко псори зэхэту контракт 171-м Іэ традзэн хуейщ. Муниципалитетхэм Іэрагъэхащ бюджет зэхуакъ трансферту сом мелуан 822,8-рэ. Аэрэ трагъэщащ мы щІыналъэ проектхэм: «Дэтхэнэ сабийми и ехъулІэныгъэ» проектым хыхьэу зэфІагъэхІыну лэжьыгъэхэм трагъэкІуэдэну – сом мелуан 29,8-рэ, «Гъэзэгъэр» - сом мелуани 101-рэ, «Щэнхабзэ» - сом мелуан 203,8-рэ, «Творчествэм диныжь цІыхухэр» - сом мин 800, «Псы къабзэ» - сом мелуани 127-рэ, «Къалэм ущыпсэуну тынш щІынІр» - сом мелуан 232,2-рэ, «Ущыпсэуну къемызэгъэнж унэхэр зэхъ мащІэ щІын» - сом мелуан 30. Мы зэманым еІэщІэкІыу яужь итщ абыхэм ехьэлІа зыхуэфащэ дэфтэрхэр гъэхьэзырным, язныкъуэу ухуэныгъэхэм щІадзакІэщ.

КІуэкІуэ Казбек гулъытэ хэха хуищІащ щэнхабзэ ІэнатІэм ехьэлІа лъэпкъ проектхэр гъэзэщІэным зэреужьэкІыпхъэм: фокІадэм и 1-м ирихьэлІэу лэжьыгъэхэр зэфІэкІауэ щытын хуейщ. Республикэм и Унафэщ Іыр муниципалитетхэм я Іэтащхьэхэм щхьэхуэу епсэлъащ проект щхьэхуэхэм ятеухуауэ.

Зэ Іэщ Іэ, Налшык къалэ округым и администрацэм и унафэщ Ахъуэхъу Таймураз зэрыжиІамкІэ, махуэ гъэнэгъуэм яужь ихьэнщ республикэм и къалащхьэм и гъэзгъэм ящыщу зэрагъэпэщыжьыну яубзыхуаэхэр зыхуей хуэгъэзэным. Зи гугъу ищІар уэрамиблым: Къэунакъуэйм и цІэр зезыхьэ уэрамым - Щоджэнцыкіуи и цІэр зезыхь проспектым щегъэжьауэ Сувенирнэ (ЦыхэкІэр щащэ) бззэрым нэсу, Пионерскэ уэрамым - Мэлбахъуэм и цІэр зезыхьэ уэрамым къыщыщІэдзауэ Калюжнэм и цІэр зезыхьэм нэсу, Тырныаузкэм - Мэлбахъуэм и цІэр зезыхьэ уэрамым щегъэжьауэ Идарым и цІэр зезыхьэм нэсу, Мостовойм - Къалмыкъым и цІэр зезыхьэм къыщыщІэдзауэ Профсоюзнэм нэсу, Будаевым и цІэр зезыхьэм - Таманскэ дивизэм и уэрамым щегъэжьауэ Профсоюзнэм нэсу, апхуэдэуи Хмельницкэм, Фучик и цІэхэр зезыхь уэрамхэм щрагъэкІуэкІыну лэжьыгъэхэрщ. Уэрамхэр зэрагъэпэщыжынуц «Шынагъуэншэ икІи фІагъ льагъ зиІэ гъуэгуэр» лъэпкъ проектым хыхьэу.

КІуэкІуэ Казбекрэ Шэрдэж муниципальнэ щІыналъэм и администрацэм и унафэщІ Муртазов Борисрэ тепсэлъыхьащ Къэшакъэтэу дэт щІыналъэ сымаджэщ нэхъыщхьэм и поликлиникэ къудамэр зэгъэпэщыжыным и Іуэхум. А лэжьыгъэм сом мелуан 35-рэ хуэутІыпщащ. Поликлиникэм и пэщ кІуэцІэхэри унэ щІыбри зэрахьэнущ, кабинетхэр медицинэ оборудованэщІэкІэ къызэрагъэпэщыни я мурадщ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі э.

Илъэсым кърикІуахэмрэ къаІэщылъхэмрэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмкІэ и министр Къумахуэ Мухьэдин Правительствэм и Унэм пресс-конференц щригъэкІуэкІащ, щэнхабзэм ехьэлІа лъэпкъ проектхэм теухуауэ.

МИНИСТЕРСТВЭМ, абы и нэІэм щІэт Іуэхущ Іапі эхэм къалэн зыщащІыжахэм, ахэр гъэзэщІа зэрыхъуам, пандемием и зэранкІэ яхуэзэфІэмыкІам теухуа упщІэмкІэ зэІуІэр журналистхэм къызэІуахащ.

- Зым и дежкІи щхэуу си гугъэкъым 2020 гъэр ди республикэм, къэралым къыщымыинэу, дуней псом дежкІэ гугъуу зэрыщытар. Апхуэдэу щыт пэтми, гъащІэм дэ гъэунэхуп Іэ къэдым дергъэувэ, дыкъыззэтемыувыІэу адэкІэ дыкІуэтэн зэрыхуейм дыхуэгъасэ. Арагъэнщ щэнхабзэмрэ гъэузджэмрэ я лэжьакІуэхэм хэкІыпІэ зэмылІуужьыгъуэхэр къыщІагъэгъуэтынкІэ Іэмал имыІэу къыхэхъащащи, си гугъащ зэман гъуэгурыр, фестиваль зыбжанэ, фэеплъ пшыхьхэр, «СтІол хъурейхэр» едгъэкІуэкІащ. Дыззэхуэсыну Іэмал щыдмыгъэтыным офлайн, онлайн жьпхъэхэр къэдгъэсэбэпурэ, цІыхухэм даІуущІащ. Нэхъыщхьэращи, дызыихэта бэлыхьым и зэранкІэ зы цІыхуми лэжьапІэ Іэнатіэр фІэкІуэдакъым. Улахуэр зэрымащІэм къэдрэ и гугъу дощ, ди республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек абы зэкІэлІпІэ къыхэудмыгъуэтынкІэ Іэмал имыІэу къыхэхъащащи, си гугъащ зэман гъуэгурыр, фестиваль зыбжанэ, фэеплъ пшыхьхэр, «СтІол хъурейхэр» едгъэкІуэкІащ. Дыззэхуэсыну Іэмал щыдмыгъэтыным офлайн, онлайн жьпхъэхэр къэдгъэсэбэпурэ, цІыхухэм да

Узым упэщIэтыфынущ, узыкIэлъыплъыжмэ

**Жьэжьейм и дунейпсо махуэр мы гъэм гъатхэпэм и 11-м ягъэлъапIэ. Нефрологхэм я дунейпсо зэгучъэныгъэмрэ Жьэжьей фондым и дунейпсо федерацэмрэ я жэрдэмкIэ, 2006 гъэ лъандэрэ махуэ щхьэхуэ хухахауэ къокIуэкI. И къалэн нэхъыщхьэр хъумэнымкIэ дунейпсо, къэрал Iуэхущ1ап1эхэм, апхуэдэуи политикэ Iэнатlэхэм, а унэтIныгъэм зегъэужьныным зи гуащIэ хэзыльхьэфынухэм, жьэжьей узыфэр зиIэ сымаджэхэм я бжыгъэм зэрыхэхъуэм гу лъегъэтэныщ. Узыншагъэр хъумэнымкIэ Iэнатlэм и унафэщIхэм къагурыIуэн хуейщ жьэжьей узыфэ хэтIэсам лIэхэм я бжыгъэм зэпщIыкIыу зэрыхигъахъуэр. 2011 гъэм ООН-мрэ ВОЗ-мрэ зэгъуэзу ирагъэкIуэкIа зэхьихьэм, гу-лъынтхуэ, лышх, тхьэмбыл, фошыгъу узыфэхэм къакIэлъыкIуэр, цIыху нэхъыбэ зэрылыкIэм ящыщу къыщалъытащ жьэжьей узыр. 2015 гъэм «The Lancet» журналым къытрадзэуэ щытащ иужьрей илъэс 25-м жьэжьей узыфэ хэтIэсам илыкIэм я бжыгъэм проценти 140-кIэ зэрыхэхъуар.

ЖЬЭЖЬЕЙ узыфэр щекIакIуэр зэзэмызэхэхэу къэзылъытэхэри щыIэщ. Ауэ хэрал зэмылIэужьыгъуэхэм щрагъэкIуэкIа къэхутэныгъэхэм апхуэдэ еплъыкIэхэм шэч хуагъэщI. Жьэжьей узыфэ хэтIэсам ику ити поцент 13,4-кIэ дуней псом зыщиубГуащ. Процентыр бжыгъэм хэзгъэкIуэжмэ, США-м щыпсэу цIыху мелуан 44-м щIигъум яIэщ а узыфэр, мелуан 20-р абы хуэкIуэнкIэ шынагъуэ зиIэ гупым хохьэ, Евросоюзым и къралхэм сымаджэ мелуан 40-м нэблагъэ щопсэу.

Жьэжьей узыфэр ар зыпкърыт сымаджэмэ и хуреягъым щыт цIыхухэмэ хуабжьу къатохьэлъэ. Псом хуэмыдэу узыфэр хэтIэсамэ, абы гъащIэр лъэныкъуэ куэдкIэ нэхъ гугъу ещI, цIыхум и жьыджрагъым лэжьыгъэмкIэ иIэ зэфIэкIми кIуэ пэтми кIэрыхуурэ. Куэдрэ кхъоу узыфэр и чэзум къыщаныхутэ, и пэщIадзэхэм нэщанэ гуэрхэмкIэ зыкъыуиГащIэу зэрыщымытым къыхэкIыу, ильэс къэс мелуани 2-м щIигъу дунейм ехыжнущ гемодиализ ирагъэщIыну е я жьэжьейр зэрахъуэкIыну Iэмал ямыгъуэту. Иужь ильэси 10-м жьэжьей узым еIэзэнымкIэ Урысейм зыужьынигъэхэр щекIуэкIами, къэралым и хэгъэгу зыбжанэм щытыкIэм зыщихъэжакъым. Абы и лъэныкъуэкIэ Урысейр Японием, США-м, Евросоюзым хыхьэ къэралхэм ебгъапщэмэ, куэдкIэ къыкIэроху. Къэбэрдей-Балъкъэрым и гугъу пщIымэ, щIыналъэм Iэнатlэр тэмэму щыIэтеублащ, диализ центру 3 щолажьэ икIи сымаджхэзм и чэзум зыхуэныкъуэ дэIэпыкъуныгъэр ягъуэт.

Жьэжьейхэм гуащIэ ин зэраIэм къыхэкIыу, зы лъэхъэнэ гуэрым нэсыхукIэ а узыфэр узэриIэр къыумыщIэу иокIыжкI. Абы къыхэкIыу дэтхэнэри и узыншагъэм фIыуэ кIэлъыплъу, Iэпкълъэпкъым къыщыхъу сыт хуэдэ зэхъуэкIыныгъэми гулъытэ хуищIу щытыпхъэщ. Жьэжьей узыфэ хэтIэсар узэриIэр и чэзум къэпщIэн папщIэ лъымрэ гъутхъэспымрэ я анализхэр тын хуейуэ аращ. Абыхэм я зэхэлъыкIэм игъуэта зэхъуэныныгъэхэмкIэ псынщIэу къахутэнущ ущын и зыужьныныгъэр зыхуэдэр. Узыфэр здынэсар нэхъ пасэу къыхэутэмэ, пIалъэ хъарзынэкIэ пэIэщIэ захуэхъуфынущ гемодиализми жьэжьейр зэхъуэкIынми.

Жьэжьей узыфэ хэтIэсар зиIэнкIэ хъуну шынагъуэ гупым хиубыдэр хэт сымэ? Псом япэрауэ, зи ныбжь хэкIуэтахэрщ: илъэс 65-м щIигъуаэхэм ящыщ куэдым я жьэжьейэм ныкъусаныгъэ гуэрхэр яIэщ. Апхуэдэу а узыфэм цIыхухъухэм я лжэ нэхъ псынщIэу зыщеубГу. Фошыгъу, лыдэуей узыфэхэр икъуКIэ зэран яхуохъу жьэжьейхэм. Апхуэдэ сымаджэхэр нэхъ псынщIэу гемодиализым хуокIуэ. ПIалъэ кIыхькIэ хущхъуэ гуащIэхэм ефэныр, фадэр, наркотикыр зэхьэлIэныр икъуКIэ шынагъуэщ жьэжьей узыфэр зиIэхэмкIэ. Абыхэм защхъхъумэмэ, узыр хэмыпIаСу къыпхуэтетэзуВыЗнущ.

Жьэжьейхэр узынщIэу щытын папщIэ дауэ узэрызыкIэлъыплъжынур? Нефрологхэм къагъэлъэгъуащ Iэмал зыбжанэ: щIэхщIэхыурэ лъым хэлъ фошыгъур зыхуэдизыр къэпщын, лъыдэуейр къэпщытэн, къэуат зыщIэлъ ерыскъы узынщэ шхын, хьэлъагъым кIэлъыплъын, псы къабзэ ефэн, тутынм, хущхъуэ гуащIэхэм зыщыдзеин. Жьэжьейхэм я лэжьэкIэмкIэ ныкъусаныгъэ гуэр щыIэмэ, щIэх-щIэхыурэ фи узыншагъэр къевгъэпщытэ. Зыщыбмыгъэгъупщэ: узыфэр къызэтебГъуэзыIэныр куэдкIэ нэхъ тыншщ, ар бгъэхъужыным нэхъри?

ЕлГъэР Лилэ,
медицинэ щIэныгъэхэм я доктор,
КъБКъУ-м и медицинэ къудамэм и кафедрэм и унафэщI.

● Гулъытэ

Сабий ныкъуэдыкъуэ зиIэхэм яхуэгъэзауэ

Ныкъуэдыкъуэу къалъхуа, зыщIыпIи щымылэжьэфыну бын зиIэхэм я пенсэм хущIагъунущ. Ар захуагъэщ, сабий ныкъуэдыкъуэ зиIэр лэжьапIэ Iутыну, и къулыкъукIэ дэкIуеину Iэмал зэримыIэр къэпльытэмэ.

ИДЖЫКIЭ зэрыщытращи, абыхэм иратыр пенсэм я нэхъ мащIэращ, езыхэм балигъ хъуа я бын ныкъуэдыкъуэр зэрахъэщымыгъэтами.

Пенсэм дыщIагъунур зыхуэдизынур елъытащ ар щыпсэу щIыналъэм, сабийр и ныкъуэдыкъуэагъэкIэ зыщыщу гупым. Ауэ, зэрыжаIэмкIэ, ар сом мини 2 и кIэ къэкIуэнукъым.

Зи гугъу сщIы зэхъуэкIыныгъэр «О страховых пенсиях» Федеральнэ хабзэм халъхьащ. Абы къару игъэтащ мазаем и 26-м.

Пенсэм епхауэ нэгъуэщI зы жэрдэмым и гугъу фхуэсщIынут.

ЛэжьыгъэмкIэ министерствэм УФ-м и Правительствэм Iэригъэхьащ пенсэм нэхъ пасэу кIуэфынухэм ятеухуа проект. Абы къыщыгъэлъэгъуащ сыт хуэдэ Iэщ1агъэ, лэжьыгъэ Iэнатlэ храгъэубыдэнуми зи ныбжь хэкIуэтам нэхъ пасэу пенсэ хуагъэувыфыным теухуауэ. Псалъэм папщIэ, министерствэм къельытэ цIыхур щеджа, и щIэныгъэм хигъэхъуэн мурадкIэ къытригъаззу щеджэжа илъэсхэр, мазэ бжыгъэхэр стажым хэгъэхьапхъэу. Псом япэу мыбы хиубыдэр егъэджакIуэхэр, дохутырхэр, жылагъуэ транспортым и лэжьакIуэхэращ. Ахэр щIэх-щIэхыу еджэжьи хуей мэхъу, я лэжьыгъэм щIэ куэд къыхохьэри. АгIэ, цIыхур апхуэдэ курсхэм щыщыIа пIалъэр стажым хэгъэхьэн хуейуэ къалъытауэ арац. ЗэкIэ стажым храгъэубыдэр цIыхур щIэлэжьар, щысымаджар, зыщитlэпсэхуа махуэхэрщ.

● Iуэху щхьэпэ

БзэмкIи лъэмыж яухуэ

СССР-м хэта къэралхэм яку къыдэхъуа экономикэ, политикэ Iуэхухэм я нэхъ гуащIэу щытар ебгъапщ. Зэрытщ1эжщи, Прибалтикэм къыщежьащ а къэралищым щыпсэу урысхэм я бзэр паубыдыныр, абыкIэ щIэныгъэ зрагъэгъуэту ямыдэныр. Йужьрейуэ ди нэгу щIэкIаращи, Украинэм и къэралкъутэр къыщыхъэкIари арац. Донецкрэ Луганскрэ щыпсэу урысхэм я пщIыхьэпIи къыхэхуагъэнкъым я бзэмкIэ псэлъэну, еджану зэрыхуейм зауэ хьикIыну, къулейсызыгъэм хуишэну.

ЖЫСIЭНУРАЩИ, бзэр политикэзыхуэм епхащ: зауэми хуэбгъэкIуэфынущ, дуней псом уи пщIэр къыщыпIэтыными - нэхъ IэмалыфI уигъэльыхъуэнщ. ИкIи мыр нобэ къежьа Iуэхуэкъым.

Севастополь иджыблагъэ щекIуэкIащ Урысей щэнхабзэмрэ бзэмрэ зегъэужьыным, ахэр хамэ къэралхэм щыгъэкIуэтэным теухуа зэIущI. ЦIыхуищэм щIигъу хэтащ абы, къэрал 36-м къикIауэ. Абы къыщыпсэльащ Кърым Республикэм и Министрхэм я советым и унафэщIм и къуэдзэ, Кърымым и лIыкIуэу Урысейм и Президентым деж щыIэ Мурадов Георгий. КъулыкъущIэм къызэрыхигъэщащи, «хамэ къэралхэм щыпсэу ди хэкуэгъуэхэм я хуитынигъэхэр игъэмэщIэну яужь щихьэкIэ, псом япэу паубыдыр урысыбзэращ».

Пушкин Александр и цIэр зезыхьэ институтым и ректор Русецкая Маргаритэ зэрыжиIащи, дуней псом цIыху мелуан 258-рэ урысыбзэкIэ щопсалъэ, международнэ организацэ 15-м ар къыщагъэсэбэп, абы и лъэныкъуэкIэ урысыбзэм еплIанэ увыпIэр иIыгIащ, инджылыз, испан, франджы бзэхэм къакIэлъыкIуэу. Бзэм и мыхьэнэр къэзыгъэлъагъуащ абыкIэ щIэныгъэ тхыгъэ къытрадзэныр. Урысыбзэм и Iуэхур мыбыкIи Iейкъым - етхуанэ увыпIэм щытщ.

ЛIэщIыгъуэ блэкIам урысыбзэр дунейпсо бзэхэм яхьхьащ. Щэнхабзэмрэ бзэмрэ я зегъэкIуэтэным толажьэ «Россотрудничество»-р, урысыбзэмкIэ езыгъаджэхэм я Международнэ организацэр, нэгъуэщIхэри.

Я щэнхабзэмрэ бзэмрэ нэгъуэщI къэралхэм щрагъэджным куэд щIауэ йогугъу Инджылызыр, Франджыр, Германиер, Испаниер, Япониер. Ауэ а псомкIи япэ ищыжащ Китайр. 2001 гъэм абы къыщызэрагъэпэщащ китайбзэр нэгъуэщI лъэпкъхэм яхэхьэным телажьэ Къэрал канцелярие. Ар ЩIэныгъэмкIэ министерствэм и къудамэщ, абы и унафэщIыр министрым и къуэдзэращ. А канцеляриер я штаб-хэщIапIэщ Конфуций и институтхэм. Мы институтхэращ зи кьалэныр нэгъуэщI къэралхэм щыпсэухэр, псом япэу интеллигенцэр, Китайм и щэнхабзэмрэ тхыдэмрэ щыгъэгъуэзэнкIэ, я хэкуэгъуэ хэхэсхэм я анэдэлъхубзэр ящымыгъупщэн щхьэкIэ ирагъэджынкIэ. Къэрал 106-м щыIэщ Конфуций и институтхэр, абыхэм ящыщу 17-р - Урысейм.

Конфуций и ефжапIэхэр щыIэщ Европэм, Америкэ Ищхъэрэмрэ Ипщэмрэ, Африкэм. Абыхэм щрагъэкIуэкI егъэджакIуэхэм я семинархэр, китайбзэр зэраджыну тхылъхэр къыдагъэкI, еджакIуэхэм, студентхэм я зэпеуэхэр ирагъэкIуэкI, «Китайбзэм и лъэныкъ» фIащауэ.

Мелуан 50-м щIигъум ядж китайбзэр. ЗэрыхуагъэфащэмкIэ, куэд дэмыкIыу а бжыгъэр мелуани 100-м щхьэдэхынущ, мы къэралым политикэмкIи экономикэмкIи дунейпсо утыкур кIуэ пэтми еубыдри. Псалъэм папщIэ, США-м грант мин бжыгъэ ет, щIалэгъуалэм ящыщ Китайм и университетхэм щригъэджэн папщIэ. Уи хьэрхуэрэгъуэм и бзэмрэ и хабзэмрэ пщIэмэ, уи мурадхэр нэхъ тыншу кьызэрохъулIэнур абыхэм я дежкIэ хьэхьщ.

● Фэеплъ

Iэщ1агъэлI, адыгэлI, цIыху щыпкъэ

Республикэм и мэкъумэш Iэнатlэм хэщIыныгъэшхуэ игъуэтащ. И ныбжьыр илъэс 85-м иту дунейм ехыжащ Лэскэн районым хыхьэ Урыху къуажэм къыщалъхуа, щапIа Чэгъэду Владимир.

ЗИ ГУАЩIЭ хьэлэмкIэ щытхъу куэд къэзылэжьам пщIэ лей къыпльыхъуэркъым. Чэгъэдру ящыщт ери фIыри зыхуэдэр къыгурыIуэу къэхъуахэм, жэуаплыныгъэм и мыхьэнэр кууэ зыхихщIу, ефых и лъапIэныгъэхэр игъэпэжу зыпэрыта сыт хуэдэ Iэнатlэри езыхьэкIахэм.

Владимир зэрысабий лъандэрэ дихьэхат Хэку зауэшхуэм кIуэн и пэ илъэс куэдкIэ колхоз бригадиру лэжьа и адэ Шыхьбан и Iэщ1агъэм. 1955 гъэм щыкуэжэ школыр фIы дыдэу кIуэхъ нэужь, мурад зэрищIам хуэздэу, ар Дагъыстэн къэрал мэкъумэш институтым кIуэри, экзаменхэр хъарзынэу итащ, ауэ конкурсышхуэм щыкIакъым. Къихьа оценкэхэмкIэ медицинэ институтым щIагъэтIысхьэну къагъэгугъами, «агроному седжэмэ нэхъ къызощтэ», - жиIэри, къиГьэзэжащ. А илъэс дыдэм дзэм ираджащ. И адэм и Iуэхум пищэну и гуращэти, къулыкъум зэрыщIэну, еджапIэ нэхъыщхьэм зэрыщIэтIысхьэнум ерыщу зыхуигъэхьэзыращ.

Цыхуэб хозяйствэм и Iэнатlэхэм папщIэ къэралым Iэщ1агъэлIхэр къемыщIэкIырт. Арат едэжнум пэлъэщыну къалъытэхэр щытратэгъэгушхуэр. Абы къыхэкIыу Владимир нэхъ пасэу къаутIыпщыжащ, 1957 гъэм къызэIуаха Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым экзаменхэр зэпэщу щитри, къыкIэлъыкIуэ илъэсым еджэн щIидзащ. Зы махуи зыщIригъэхакъым Чэгъэдум, зыхэса къудамэм цIыху 64-рэ щеджати, нэхъыфI цIыхуи 10-м ящыщу къиухащ.

1963 гъэм мэлыжьыхьым и 1-м Тэрч районым Iэщ щагъашхэу щIиIэ совхозым экономист нэхъыщхьэу ягъэкIуащ Владимир, мазэ тхьэ дэмыкIыу, хазяйствэм и парт организацэм и секретари хахащ. Арами, абы и гур губгъуэмкIэ щыIэ зэпытт, къэкIыгъэхэм я щытыкIэм, я зыужьыкIэм кIэлъыплъыныр игъэнэхъапэрти, совхозым мэкъумэшым елэжь и Iэнатlэ нэхъ ин дыдэм и пашэу езым и лъэIукIэ ягъэуващ. Ауэ, абы зыщрамыгъэIэжьэу, партым и райкомым и унафэкIэ, Курп Ищхъэрэ къуажэм щызэхэт «Серп и молот» колхоз къыкIэрыхум агроном нэхъыщхьэу ягъэкIуащ.

Владимир мурадышхуэхэр и плъапIэт. Курп Ищхъэрэм и Iаво щIапIэхэм ахэр щыпхъэгъэзыхьэлIэнутэкъыми, щIэлъэIурэ, Тэрч районым и мэкъумэш къэхутакIуэ станцым псыщIэгъэлъадэ IуэхуэхмкIэ и къудамэм и Iэщ1агъэлI нэхъыщхьэу кIуащ икIи, екъуIэнныгъэ нэрылъагъуэр иIэу, илъэс пщыкIузкIэ а Iэнатlэр зэрихьащ. КъэхутакIуэ станцым зэрыщIэм хуэдэурэ, ди къэралым псыщIэгъэлъадэмкIэ щынэхъыфI дыдэу къалъытэу Новочеркасск къалэм дэта инженер-мелиораци институтым и аспирантурэм щеджащ, и кандидат диссертацэри 1972 гъэм абы щыпхигъэкIащ. ИлъэситI нэхъ дэмыкIыу, партым и райкомым и бюром тригъэчьныкъым, Чэгъэдум и къулыкъур ихъуэжащ - «Хьэмидей» жызым совхозым и тхьэмадэу ягъэкIуащ.

И доктор диссертацэм елэжьын мурадкIэ, хьэхутакIуэ станцым абы игъэзэжащ. АрщхьэкIэ мазитI фIэкIа мылажьауэ, и Iуэху зехьэкIэр, и зэфIэкIыр къалъытэри, Къэбэрдей-Балъкъэрым Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм псыщIэгъэлъадэмкIэ, кIэртIофымкIэ, хадэзкIэхэмкIэ, пхъэщхьэмыщхьэмрэ жызумейкэмкIэ и къудамэм и унафэщIу ягъэуващ.

Дэнэ щIыпIэ щыIами, сыт хуэдэ Iэнатlэ пэрытами Iуэху зехьэкIэ дахэ къигъэлъэгъуащ Владимир, иримыгъэфIекIуащ, хэлъхьэныгъэ ин хуимыщIауэ зыри кьигъэнакъым.

1982 гъэм къыщыщIдзащ илъэс 15-м нэскIэ Чэгъэдур министерствэм щылэжьащ, и ныбжьыр нэсу пенсэм кIуа нэужь, къэрал мэкъумэш академием (иджы университетщ) ирагъэблагъэри, тIысыжьыхькIэ и щIэныгъэ куур студентхэм ябгъэдэлъхьащ. Абы зэрыщыIа илъэс зыбгъупщIым щIэныгъэ лэжьыгъэу 15-м щIигъу къыдигъэкIащ: плIыр тхьилъщ, тIур зэреджэ пособиещ. Щыгъ и зехьэкIэм, мэкъумэш лэжьыгъэм и къызэгъэпэщыкIэм теухуа чэнджэщу куэдкIэ нэхъыбэ къытригъэдзащ.

Хэкум и пащхьэм щIиIэ фIыщIэмрэ и лэжьыгъэфIымрэ къапэкIуэу абы къыхуагъэфэщащ «ЩIыхьым и дамыгъэ» орденыр, ВДНХ-м и медалхэр, щIыхь тхьилъу куэд. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и агроном» цIэ лъапIэри хуэфащэу къыфIащат.

Зи гъащIэ псор IуэхуфlэхэмкIэ гъэнщIауэ къэгъуэгурыкIуа нэхъыжьыфIыр и унагъуэ дахэм щхьэщыукIуринкIащ. Владимирэ абы и щхьэгъусэ Бышэрэ хъыджэбзитI зэдапIащ, пхъурылъхуу щIалищ къащIохьэри, щхьэгъусэм, адэм, адэшхуэм и фэеплъыр зыгъэлъэпIэн ахэр хъуну си гуапэщ. Владимир дэ зэи тщыгъупщэнукъым, жэнэткIэ Тхьэм игъэгуфIэ!

ЧЭГЪЭДУ Сэ1ихьэт.

● Футбол

Бахъсэндэсхэр яIэщIокI

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и щIымахуэ чемпионатым и зи чэзу джэгугъуэр щэбэтымрэ тхьэмахуэмрэ екIуэкIащ. Абы «Малка»-р щыхигъащIэри, дыщэ медалхэм гъунэгъу дыдэ щызыхуищIащ Бахъсэн и «Автозапчасть»-м.

РЕСПУБЛИКЭМ и нэгъабэрей щIымахуэ чемпионхэм мы гъэми я екъуIэныгъэм къытрагъэзэжмыным зы бжьыз иIэжу аращ. Абы папщIэ щэбэт къакIуэ хагъэщIэн хуейщ зэхьэзэхуэм иужь дыдэ увыпIэр щызыIыгъ «Ансар»-р. Бахъсэндэсхэм ар къаззэрехъулIэнум щэч къытезыхьэ щыIэу фIэщщыгъуейщ.

«Автозапчасть»-р зымащIкIэ къызэтригъэувыIэфынут «Малка»-м. Абы папщIэ тхьэмахуэ кIуам ялъэкI къагъэнакъым Дзэлыкъуэ щыныльэм къыкIахэм. АрщхьэкIэ, бзнэныгъэ гуащIэм зы топ закъуэкIэ я хьэрхуэрэгъуэхэм къащыпикIуэтащ.

Дыщэр яIэщIэкIами, дыжьынымрэ домбеякъымрэ иризнокъуэкъуэгу гуп зыбжанэ. Абыхэм ящыщу и Iуэхуэр зэкIэ нэхъыфIщ «Мурбек»-м. Ар щыпIэпэрэпэнум поплъэри щысщ «Шэрэджымрэ» «Тэрчымрэ».

Хэплъэгъуэщ къыкIэрыхуэхэм я Iуэхур. Аргуэрыжьу къыхагъэщIа «Ансар»-м, «Маисэм», «КъБКъУ»-м хуабжьу гугъу зрагъэхьын хуейщ гуп нэхъыщхьэм къыхэнэн папщIэ. Хэт ищIэн, ар къызэхъулIэни къаухэкIынкIэ хуэнщ?!

Iуащхьауэхэм я зэпеуэм бжьыпэр щызэдаубыдащ «Автозапчасть»-м щыджжэгу Къуажей Азэмэтрэ «Ансар»-м и пашэ Тамаев Аланрэ. Мыгъэрей зэхъэзэхуэм абыхэм топ пщIырыпщI щыдагъэкIащ. Абыхэм къыззэрыкIэрыху щыIэкъым «Малка»-м и Iуащхьауэ Iэзэ Шащ1э Беслъэни. Хьэлэмэтращи, «Ансар»-рмы зэпеуэм къызэрыщыхэжаныкIар 14-рэщ икIи абыхэм ящыщу 10-р Тамаевым къыльэос. Адрейхэм ящIэр сыту пIэрэ?

Адэкlэ фыщыдгъэгъуэзэнщ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и щIымахуэ чемпионатым и зи чэзу джэгугъуэм къриКIуа бжыгъэхэм: **«Бабугент»** (Бабугент) - **«Тэрч»** (Тэрч) - **0:1**, **«Спартак-Д»** (Налшык) - **«Шэджэм-2»** (ШэджэмЕтIуанэ) - **5:0**, **«Маисэ»** (Налшык) - **«Кэнжэ»** (Кэнжэ) - **1:3**, **«Шагъдий»** (Зеикъуэ) - **«Мурбек»** (Налшык) -**2:4**, **«Инал»** (Къэрэгъэш) - **«Исльэмей»** (Исльэмей) - **3:3**, **«Ансар»** (Налшык) - **«Шэрэдж»** (Старэ Шэрэдж) - **1:6**, **«Малка»** (Малкэ) - **«Автозапчасть»** (Бахъсэн) - **2:3**, **«ХьэтIохъущыкъуей»** (ХьэтIохъущыкъуей) - **«КъБКъУ»** (Налшык) - **3:1**.

«ДыгъафIэ къалэм» и стадионым къыкIэлъыкIуэ джэгугъуэм щызэIущIэнущ: *щэбэтым* - «Автозапчасть» - «Ансар», «Кэнжэ» - «Малка», «Тэрч» - «Шагъдий», «КъБКъУ» - «Бабугент», «Мурбек» - «Маисэ»; *тхьэмахуэм* - «Спартак-Д» - «ХьэтIохъущыкъуей», «Шэджэм-2» - «Исльэмей», «Шэрэдж» - «Инал» командхэр.

ХЬэТАУ Ислъам.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ 2021 гъэм и щIымахуэ чемпионатыр зэрекIуэкIыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1. «Автозапчасть»	1	10	1	0	35-8	31
2. «Мурбек»	11	8	1	2	28-9	25
3. «Шэрэдж»	11	7	2	2	24-14	23
4. «Тэрч»	11	6	4	2	19-8	22
5. «Малка»	11	6	1	4	23-20	19
6. «Инал»	11	5	4	3	20-15	19
7. «Бабугент»	11	4	4	4	20-18	16
8. «Кэнжэ»	11	5	0	5	19-16	15
9. «Исльэмей»	11	4	2	4	17-17	14
10. «Спартак-Д»	11	4	2	5	17-11	14
11. «Шагъдий»	11	3	4	3	17-20	13
12. «Шэджэм-2»	11	3	2	5	15-19	11
13. «ХьэтIохъущыкъуей»	11	3	2	5	13-29	11
14. «Маисэ»	11	2	0	7	16-33	6
15. «КъБКъУ»	11	2	0	7	13-38	6
16. «Ансар»	11	1	1	7	14-35	4

● Абы дегъэпIейтей

Iуэхум хоплъэ

Налшык и уэрамхэм мы зэманым ущрохьэлIэ гупыфI зэрыгъэхъуа хьэ щхьэрыуТIыпщхэм.

Хьэхэр нэхъыбэу щызэхуэс хъуащ ХьэтIохъущыкъуейкъэ я жыг хадэм, Дэшхуей хадэм я лъэс зекIуалIэхэм, Ленинымрэ Кулиевымрэ я проспектхэм тет унэхэм я щIыбагъхэм.

2019 гъэм и кIэхэм нэсыху Налшык и зоопарким щаныгъа хьэхэр къаутIыпщат, а щIыпIэм щрагъэкIуэкI зэхъуэкIыныгъэхэм япкъ иткIэ.

Къалэ администрацэм абыхэм тригъэкIуэдэну ахъшэр къызэремэщIэкIым къыхэкIыу, хьэхэм увыIэпIэщIэ къахуигъуэтыфыркъым. Мэрием хэкIыпIэу къиригъэлъагъуэр «Приютхэм я сеть» къызэрэзэщыныгъ. Абы теухуауэ администрацэр я IущIащ «Уэрэ сэрэ дызэныбжьэгъуу», «Лъакъуэ щыкIуипIи» фIэщыгъэм щIэт псапащIэ организацэхэм икIи зэгуасэу зэдэлэжьэну зэгурыIуащ.

ШЭРЭДЖ Дис.

Экономикэ Политикэ
Махуэку
Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Iуэху

БзэмкIи лъэмыж яухуэ

СССР-м хэта къэралхэм яку къыдэхъуа экономикэ, политикэ Iуэхухэм я нэхъ гуащIэу щытар гъэзэжащ. Зэрытщ1эжщи, Прибалтикэм къыщежьащ а къэралищым щыпсэу урысхэм я бзэр паубыдыныр, абыкIэ щIэныгъэ зрагъэгъуэту ямыдэныр. Йужьрейуэ ди нэгу щIэкIаращи, Украинэм и къэралкъутэр къыщыхъэкIари арац. Донецкрэ Луганскрэ щыпсэу урысхэм я пщIыхьэпIи къыхэхуагъэнкъым я бзэмкIэ псэлъэну, еджану зэрыхуейм зауэ хьикIыну, къулейсызыгъэм хуишэну.

ЖЫСIЭНУРАЩИ, бзэр политикэзыхуэм епхащ: зауэми хуэбгъэкIуэфынущ, дуней псом уи пщIэр къыщыпIэтыными - нэхъ Iэмалыфl уигъэльыхъуэнщ. ИкIи мыр нобэ къежьа Iуэхуэкъым.

Севастополь иджыблагъэ щекIуэкIащ Урысей щэнхабзэмрэ бзэмрэ зегъэужьыным, ахэр хамэ къэралхэм щыгъэкIуэтэным теухуа зэIущI. ЦIыхуищэм щIигъу хэтащ абы, къэрал 36-м къикIауэ. Абы къыщыпсэльащ Кърым Республикэм и Министрхэм я советым и унафэщIм и къуэдзэ, Кърымым и лIыкIуэу Урысейм и Президентым деж щыIэ Мурадов Георгий. КъулыкъущIэм къызэрыхигъэщащи, «хамэ къэралхэм щыпсэу ди хэкуэгъуэхэм я хуитынигъэхэр игъэмэщIэну яужь щихьэкIэ, псом япэу паубыдыр урысыбзэращ».

Пушкин Александр и цIэр зезыхьэ институтым и ректор Русецкая Маргаритэ зэрыжиIащи, дуней псом цIыху мелуан 258-рэ урысыбзэкIэ щопсалъэ, международнэ организацэ 15-м ар къыщагъэсэбэп, абы и лъэныкъуэкIэ урысыбзэм еплIанэ увыпIэр иIыгIащ, инджылыз, испан, франджы бзэхэм къакIэлъыкIуэу. Бзэм и мыхьэнэр къэзыгъэлъагъуащ абыкIэ щIэныгъэ тхыгъэ къытрадзэныр. Урысыбзэм и Iуэхур мыбыкIи Iейкъым - етхуанэ увыпIэм щытщ.

ЛIэщIыгъуэ блэкIам урысыбзэр дунейпсо бзэхэм яхьхьащ. Щэнхабзэмрэ бзэмрэ я зегъэкIуэтэным толажьэ «Россотрудничество»-р, урысыбзэмкIэ езыгъаджэхэм я Международнэ организацэр, нэгъуэщIхэри.

Я щэнхабзэмрэ бзэмрэ нэгъуэщI къэралхэм щрагъэджным куэд щIауэ йогугъу Инджылызыр, Франджыр, Германиер, Испаниер, Япониер. Ауэ а псомкIи япэ ищыжащ Китайр. 2001 гъэм абы къыщызэрагъэпэщащ китайбзэр нэгъуэщI лъэпкъхэм яхэхьэным толажьэ Къэрал канцелярие. Ар ЩIэныгъэмкIэ министерствэм и къудамэщ, абы и унафэщIыр министрым и къуэдзэращ. А канцеляриер я штаб-хэщIапIэщ Конфуций и институтхэм. Мы институтхэращ зи кьалэныр нэгъуэщI къэралхэм щыпсэухэр, псом япэу интеллигенцэр, Китайм и щэнхабзэмрэ тхыдэмрэ щыгъэгъуэзэнкIэ, я хэкуэгъуэ хэхэсхэм я анэдэлъхубзэр ящымыгъупщэн щхьэкIэ ирагъэджынкIэ. Къэрал 106-м щыIэщ Конфуций и институтхэр, абыхэм ящыщу 17-р - Урысейм.

Конфуций и ефжапIэхэр щыIэщ Европэм, Америкэ Ищхъэрэмрэ Ипщэмрэ, Африкэм. Абыхэм щрагъэкIуэкI егъэджакIуэхэм я семинархэр, китайбзэр зэраджыну тхылъхэр къыдагъэкI, еджакIуэхэм, студентхэм я зэпеуэхэр ирагъэкIуэкI, «Китайбзэм и лъэныкъ» фIащауэ.

Мелуан 50-м щIигъум ядж китайбзэр. ЗэрыхуагъэфащэмкIэ, куэд дэмыкIыу а бжыгъэр мелуани 100-м щхьэдэхынущ, мы къэралым политикэмкIи экономикэмкIи дунейпсо утыкур кIуэ пэтми еубыдри. Псалъэм папщIэ, США-м грант мин бжыгъэ ет, щIалэгъуалэм ящыщ Китайм и университетхэм щригъэджэн папщIэ. Уи хьэрхуэрэгъуэм и бзэмрэ и хабзэмрэ пщIэмэ, уи мурадхэр нэхъ тыншу къызэрохъулIэнур абыхэм я дежкIэ хьэхьщ.

Нартсанэ и хьэуа къабзэр

● ЗыгъэпсэхупIэхэр

Ди къэралым щыщу Кисловодскщ (адыгэхэм Нартсанэ жьыуIэр) япэу хьэхьар ООН-мрэ ВОЗ-мрэ къызэдащта «Вдохнём жизнь» программэм, щIыуэпсым и къабзагъэмкIэ щапхъэ хъуным теухуам.

КъАЛЭ-курортыр щапхъэ хъун щхьэкIэ сыт ищIэн хуейр? Зэ еплIыгъуэкIэ къызэрыгуэкIщ - дахэу, къабзэу щытыну щIэхъуэпс дэтхэнэ къалэми щыIэхьIахьыпхъэ лжьыгъэращ: транспортым хьэуар емыгъэуцIэпIэн, псыхъуэхэмрэ гуэлхэмрэ я Iуфэльафэр зэщIэкъуэн, къыздеэзгъ щIыпIэ псоми жыгхэмрэ удзхэмрэ щыхэсэн.

А къедбжэкIахэм хуэмынкъуэ къалэрэ къуажэрэ къэгъуэгъыгъуейщ икIи абы и лъэныкъуэкIэ къэралыр зыдэбгъэIэпыкъуну ухуейм, щIыуэпсыр хьумэным теухуауэ УФ-м къыщащта Лъэпкъ проектыр тегъэщIапIэ пщIыфынущ. Ар езыр программэ 11 мэхъу. Абыхэм ящыщщ «Къэрал къабзэ», «Хьэуа къабзэ», «Псы къабзэ» жьхуиIэхэр.

ООН-мрэ ВОЗ-мрэ я программэм къалэр зэрыкъохьари урысей Лъэпкъ проектыр нэхъ тэмэму ягъэзэщIэнымкIэ къахуэщхьэпэну къалъытэ курортым щIыуэпсымкIэ и Iэщ1агъэлIхэм. Абыхэмрэ Урысейм и щIыуэпс обществэмрэ зэдепэжьынущ Кисловодск и хьэуамрэ псыхэмрэ къабзэу щытынымрэ зэрызэбгъэхъульIэфынуращ.

Лейуэ утемыпсэлъыхьми хуэдизыр гурыIуэгъуэщ Лъэпкъ Зэгъэтхэм я Зэгъуэныгъэмрэ (ООН) УэзышагъэмкIэ Дунейпсо Зэгъуэныгъэмрэ (ВО